

Enskripsyon Pou Jadendanfan Nan Lekòl Piblik Somerville yo

Online Enskripsyon Jadendanfan pou Sektanm 2022 ap kòmanse 11 Janvye 2022. Si pitit ou ap gen Senk an vè 31 Out, 2022, Li elijib pou li enskri nan pwogram jadendanfan gratis tout jounen, nan nenpòt lekòl nou yo.

Si ou gen keksyon oubyen bezwen èd avèk pwosesis yo?

Rele Biwo Enskripsyon nan (617) 625-6600 x6962 oubyen (617) 629-5670.

Orè Open House yo ap varye selon lekòl la. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite paj wèb chak lekòl yo.

Pou enskri pitit ou a, tanpri vizite sit Jadendanfan nou an www.somerville.k12.ma.us/enskrripsyon. Konplete epi soumèt enskrripsyon online la ansanm ak tout enfòmasyon dokimanki nesesè yo mande yo.

Ale nan yon Sesyon Enfòmasyon sou Enskripsyon Jadendanfan Vityèl

Madi, **16 Novanm**, 9:00 – 10:00 am ou swa Mèkredi, **17 Novanm**, 5:30 - 6:30 pm pou yon prezantasyon nan plizyè lang sou pwosesis enskrripsyon an epi pou reponn plis keksyon espesifik yo ou ka genyen sou enskrripsyon an.

Jwenn nou nan Reyinyon Zoom nan:

<https://k12somerville.zoom.us/j/89364592577?pwd=cGFmcG80b1pEOEp3QXVtS1lyOTk4QT09>

Ranpli epi soumèt Enskripsyon an sou Entènèt la

Referans dokiman “**School Registration Information – Grades K-8**” ki anba pou plis detay sou enskrripsyon ak pwosesis plasman an epi tou pou asire w ke out e kolekte tout dokiman ki nesesè yo mande yo pou w kapab enskri pitit ou a nan Lekòl Piblik Somerville yo (SPS).

Tanpri sonje ke si pitit ou a bezwen evalyasyon pou konpetans pwofisyans nan lang Angle, yon Espesyalist nan Biwo Enskripsyon an ap kontakte w pou yon yon randevou. Se Selman apre evalyasyon an finn pran plas n’ap kontinye pwosesis plasman enskrripsyon an. **Tout dokiman yo obligatwaou dwe soumèt yo ansanm ak enskrripsyon an sou entènèt la paske depi aplikasyon pou enskrripsyon ou an enkonplè YO PAP pwosès li.**

Kilè ak ki Kote pou Enskri pou Jadendanfan nan Lekòl Piblik Somerville yo:

Paran/Gadyen ki gen aksè òdinatè kapab enskri sou Entènèt la apati 11 Janvye, 2022
Sesyon Asistans Enskripsyon:

- 18, 19 ak 20 Janvye kòmanse a 9:00AM - 3:00PM
- 25 ak 27 Janvye kòmanse a 12:00PM – 6:00PM
- 28 Janvye Enskripsyon kontinyèl nan Biwo Enskripsyon an pandan lè regilye biwo yo

*** Asistans pou anrejistreman nan Biwo Enskripsyon an pral mamde pou pran yon randevou.
Tanpri rele 617-629-5670.**

Plasman Lekòl :

Pandan semèn 19 Avril la Biwo Enskripsyon an pral voye yon email bay paran/gadyen yo pou premye gwoup plasman Jadendanfan yo. Aplikasyon nou resevwa vè 18 Mas yo ap enkli nan premye gwoup plasman an enskripsyon nou resevwa aprè 18 Mas, n'ap fè plasman yo chak semèn. (Tanpri refere a dokiman pou enfòmasyon sou pwosesis plasman lekòl la "Aplikasyon ak Enskripsyon Lekòl la".) ****Si pitit ou a pa jwenn premye lekòl ou chwazi a, n'ap baou opòtinite pou yo mete non pitit w a sou yon lis datant pou lekòl ou vle a lè ou konplete yon "Fòm Demand Lis Datant" yo voye yon email avèk lèt plasman.**

Somerville Public Schools at a Glance

Argenziano School (PK-8)

(617) 629-5460

290 Washington Street

Sheltered English Immersion

www.somerville.k12.ma.us/argenziano

Brown School (K-5)

(617) 629-5620

201 Willow Avenue

www.somerville.k12.ma.us/brown

Capuano Early Childhood Center (PK-K)

(617) 629-5480

150 Glen Street

Early Childhood Intervention Program (PK-K)

www.somerville.k12.ma.us/capuano

East Somerville Community School (K-8)

(617) 629-5400

50 Cross Street

Unidos Bilingual (English/Spanish) Program (K-8)

www.somerville.k12.ma.us/escs

Healey School (PK-8), (617) 629-5420

5 Meacham Street

Sheltered English Immersion

www.somerville.k12.ma.us/healey

Kennedy School (K-8), (617) 629-5440

5 Cherry Street

Social Education Enhancement at Kennedy (SEEK)

Specialized Kennedy Intensive Program (SKIP)

www.somerville.k12.ma.us/kennedy

West Somerville Neighborhood School (PK-8)

(617) 629-5600

177 Powderhouse Blvd.

www.somerville.k12.ma.us/wsns

Winter Hill Community Innovation School (PK-8)

(617) 629-5680

115 Sycamore Street

Sheltered English Immersion (Grades 5-8)

www.somerville.k12.ma.us/whcs





Lekòl Piblik Somerville yo Enfòmasyon sou Enskripsyon Lekòl – Klas K-8

Lekòl Piblik Somerville yo ofri paran/gadyen opsyon pou yo chwazi lekòl selon bezwen pitit yo epi bay sijè yo valè ki depann ak kriteri an gwosomodo nan “Controlled Choice” Plase Elèv yo nan yon lekòl se yon plan ki adopte pa Komite Lekòl Piblik yo ki rekonèt pa Depatman Edikasyon nan Massachusetts an 1994. Somerville’s “Controlled Choice” Plan pou plase elèv yo se yon modèl pou akonpli twa bi:

- 1) pou ofri paran yo chwa ki nan lekòl pitit yo prale;
- 2) pou amelyore balans rasyal nan tout lekòl yo konsa nou trete tout popilasyon an egalego nan pwogram yo ak lekòl yo ; epi
- 3) pou amelyore kalite enstriksyon an nan chak lekòl yo.

Lekòl Piblik Somerville yo ankouraje paran elèv jadendanfan yo ak nouvo elèv yo nan distri a pou vizite lekòl yo ak Biwo Enskripsyon. Biwo Enskripsyon ap édé nou pandan pwosesis enskripsyon an epi n’ap fè aranjman pou nou vizit endividyèl lekòl yo si nou enterese.

Enskripsyon Jadendanfan:

Klas Jadendanfan disponib pou timoun ki ap gen 5an dènye jou 31 Out. Somerville anba “Controlled Choice” Plan pou Plase Elèv yo, paran yo gen dwa chwazi nenpòt lekòl yo vle pou distri a ki ofri klas jadendanfan. Tout lekòl ki ofri klas jadendanfan yo tout jounen kòmanse (8:10am pou 2:35pm). Tout plasman yo ap fèt selon espas ki disponib ak gid yo egal.

Pou enskri yon timoun pou Jadendanfan, paran/gadyen yo dwe tanpri vizite www.somerville.k12.ma.us/registration epi konplete enskripsyon online. Pou asistans enskripsyon online nan Biwo Enskripsyon tanpri rele 617-629-5670 pou mete yon randevou. **Li eskremman enpòtan pou pote tout enfòmasyon ak dokiman yo mande yo pliske enskripsyon an pa konplè NOU PAP kapab pwosès aplikasyon an. Pa gen timoun k’ap kòmanse lekòl san yo pa bay tout dokiman medikal yo mande yo.**

Paran/Gadyen ki gen timoun nan Lekòl Piblik Somerville yo nan pwogram preskolè (SMILE / ECIP) oubyen timoun nan lis datant pou pre-k yo zipoze konplete aplikasyon pou enskripsyon an pou anwole pitit ou a. Paran pou timoun yo avèk bezwen espesyal ki anwole nan youn nan klas Pre-school nou yo dwe kontakte Biwo Edikasyon Espesyal la nan (617) 629-5645 si yo genyen nenpòt keksyon.

Online Enskripsyon Jadendanfan ap kòmanse Madi, 11 Janvyè. Dènye dat limit pou enskri pou Jadendanfan pou fè pati premye gwoup plasman pou Jadendanfan se Vandredi, 18 Mas, 2022 la. Pwosesis plasman pou jadendanfan ap kontinye chak semèn pa gwoup pou jiska 1 Out aprè sa a n’ap fè tout plasman imedyatman. Nou ankouraje paran ki gen timoun ki nan Lekòl Piblik Somerville yo pou yo enskri timoun yo nan premye gwoup -la k’ap kòmanse (11 Janvyè pou 18 Mas) si nou ta renmen kenbe tout timoun yo ansanm nan mem lekòl.

Plasman Elev Yo “Controlled Choice Criteria” Klas K-8

Tout plasman yo ap fèt apati “Controlled Choice” Lwa pou Plase Elèv yo, n’ap plase timoun yo apati preferans yo epi egal:

1. Plasman Priorite Pwogramatik (pa ekszanp, timoun edikasyon espesyal yo nou plase yo nan klas espesyal nan lekòl ki gen pwogram respektif).
2. Plasman preferans fanmi (frè ak sè)
3. plasman preferans pwoksimate;
4. Loteri: Si preferans ou a pa sifizan pou detèmine plasman n'ap fè yon loteri pa aza pou plase timoun yo.

Elèv ki deja enskri nan Lekòl Piblik Somerville yo ki ranpli aplikasyon pou transfere pou lekòl yo alè n'ap bayo priorite avan lòt nouvo elèv ki enskri yo. Pou anrejistre, Biwo Enskripsyon ap aksepte aplikasyon sèlman pou elèv ki aktyèlman abite fizikman nan vil la.

Lis Datant

N'ap fè tout efò nou pou n akomode preferans paran yo avèk priorite yo nan sistèm nan, depann de kapasite espas edikasyonèl, nan gid distri a avèk egalite. Paran/Gadyen elèv yo ki pa jwenn premye chwa yo a pou lekòl ou vle a mande pou yo mete li sou lis datant ranpli fòm nan pou li "Wait List Request Form" Nou gen fòm lis datant la nan Biwo Enskripsyon. Biwo Enskripsyon ap fè ou konnen lè nou gen espas ki vid pou timoun ou nan premye lekòl ou te chwazi a epi kilè l'ap kòmanse Plasman nan lis datant la ap fèt apati de "Controlled Choice" ki endike preferans ak egalite.

Lis datant pou tout lekòl yo ap ekspire premye Novanm. Nenpòt paran ki enterese transféré pitit yo nan lekòl yo te chwazi an premye a ou sipoze kontakte Biwo Enskripsyon pou Paran an aprè dat ekspirasyon an. Si gen paran ki pa satisfè avèk plasman pou lekòl timoun w pata renmen li kontinye nan lekòl sa-a pou ane eskolè a, mande pou ranpli yon transfè an Avril nan Biwo Enskripsyon an Avril.

Nou pap otorize pliske yon transfè pandan nenpòt ane eskolè.

Dokiman Obligatwa pou Enskripsyon:

Dokimantasyon anba obligatwa pou nouvo enskripsyon oubyen re-admisyon:

- Konplete enskripsyon online (PK poujiska klas 9-12 ane)
- Prèv laj (Batistè)
- Prèv kote ou abite 2 resan bòdwo, tankou yon bodwo sèvis piblik aktyèl (gaz, elektrik, kab, oubyen telefòn kayla) **ak** yon kopi kontra kay la oubyen pèyman "mortgage" ki gen non ak adrès paren/gadyen
- Egzamen jeneral resan ak vaksen
- Kat transfè nan Massachusetts (transfè ant eta) pou klas 1-12
- Fòm Ofisyèl ke ou kite (pou lòt eta ak lekòl prive yo) pou klas 1-12
- Rekòd Disiplin, pou klas 9-12
- Plan Edikasyon Endividyèl, (IEP), si ou genyen
- Istwa lekòl Elèv k'ap Aprann Lang Anglè, ELL si li aplikab
- Kanè/relve de nòt dènye lekòl kote ou sòti a, si ou genyen pou klas 1-12

Li esktrèmman enpòtan pou pote tout enfòmasyon yo mande yo pliske enskripsyon an pa konplè nou PAP kapab pwosès aplikasyon an.

Anplwaye Biwo Enskripsyon yo ap trè kontan pou édè nenpòt paran/gadyen ki pa genyen yon nan dokiman sa nou mande yo.